

Lajan Adisyonèl pou Manje pou Fanmi yo pandan COVID-19

Entwodiksyon Pwogram P-EBT a



Kisa P-EBT ye?

Pandemi – Transfè Benefis Elektwonik (Electronic Benefits Transfer, P-EBT) se sipò manje adisyonèl pou fanmi yo pandan pandemi COVID-19 la. Fanmi yo pral resevwa \$5.70 pou chak timoun chak jou pou chak jou lekòl la fèmen.

Kimoun ki pral resevwa yon kat P-EBT?

Tout fanmi Massachusetts yo ki gen timoun ki gen laj pou frekante lekòl ki kalifye pou repa gratis oswa bon mache. Benefis P-EBT yo disponib pou tout kay, kèlkeswa sityasyon yo ak imigrasyon epi yo p ap konsidere yo kòm yon chaj piblik.



Kijan mwen pral resevwa lajan an?

Aplikasyon pa nesèsè pou resevwa lajan. Fanmi yo pral resevwa kat P-EBT nan kourye lapòs oubyen, pou moun yo ki deja gen yon kat EBT, yo pral mete lajan an sou kont ou.

Kisamwen ka achte ak kat P-EBT an?

Atik manje pou lakay tankou fui, vyàn/pwason, pwodui letye ak pen. Yo ka itilize kat yo sèlman nan magazen kote yo askepte benefis DTA yo. Si w bezwen plis enfòmasyon, al gade nan: fns.usda.gov/snap/eligible-food-items



Kilè mwen kapab resevwa Lajan an?

Yo pral ba w lajan an nan mwa me. N ap ba w esplikasyon.

Èske ou bezwen plis èd pou achte manje ki bon pou lasante?

Ou gendwa kalifye pou Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanntè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP). Tcheke si w kalifye nan mass.gov/SNAP.

www.MAP-EBT.org



Contact Us:
FoodSource Hotline
Help offered in 160 languages
800-645-8333

